

Pwoteje Tèt Ou. Pwoteje Pwòch Ou Yo. Ede Kenbe NYC an Sante epi Sennesòf.

Tout moun k ap viv Nouyòk jwe yon wòl enpòtan nan redui pwopagasyon COVID-19 lan. Men twa etap ou ka fè ak sipò nan men NYC Test & Trace Corps pou pwoteje tèt ou, pwòch ou yo, ak tout kominate ou. Ede kenbe Vil Nouyòk an sante epi sennesòf.

Fè Tès la - Pou Lapè nan Lespri

Ou ka fè yon tès COVID-19 la san ou pa bezwen peye anyen pou konnen sitiyasyon ou epi gen lapè nan lespri ou. Verifye anplasman ki ofri tou tès pou antikò pou detèmine si ou te deja gen viris lan. Tès yo san danje epi konfidansyèl. Gen plizyè santèn adrès ki fè tès NYC Test & Trace Corps toupatou nan vil la.

Randevou pa nesesè. Al gade nan nyc.gov/covidtest oswa rele nan **212-COVID19** pou jwenn yon adrès nan zòn ou an.

Reponn Apèl lan - Pou Kanpe Pwopagasyon an

Si ou teste pozitif oswa ou te ekspoze ak COVID-19 lan, ou pral resevwa yon apèl nan men yon pwofesyonèl ki la pou retrase kontak NYC Test & Trace. Reponn telefòn ou si ou wè NYC Test+Trace, NYC Covid Test, oswa yon nimewo 212.

Pwofesyonèl Retrasaj yo pral:

- Mande w kòman w santi w.
- Ofri resous pou ede ou rete an sante epi separe ou ak lòt moun yo san danje.
- L ap esplike w konbyen tan ou sipoze rete lakay ou ak lwen lòt moun.

Si ou teste pozitif pou COVID-19 lan, Pwofesyonèl Retrasaj lan fè bagay sa yo tou:

- Poze w kesyon pou eseye konnen kòman w te fè vin enfekte.
- Mande ou non ak kontak tout moun ou te gen relasyon sere ak yo pou ede pwoteje yo epi anpeche pwopagasyon viris lan bay lòt moun.



Pwofesyonèl Retrasaj yo pa p janm:

- Mande ou non ou ak nimewo sekirite sosyal ou.
- Mande ou enfòmasyon sou finans prive oswa kat kredi ou.
- Mande ou pou pran kontwòl oswa telechaje lojisyèl sou telefòn, tablèt oswa òdinatè.

Epitou ou ka pale ak moun ki rele ou a pou ba ou yon kòd pou mete nan zouti "Validate My Tracer" (Valide Pwofesyonèl ki la pou Retrase Kontak mwen an) sou sitwèb Test & Trace Corps la.

Si yon pwofesyonèl ki la pou retrase kontak pa ka jwenn ou nan telefòn, yo ka deplase pou vin wè w pou yo verifye si ou byen. Y ap montre kat idantifikasyon yo pou pwouve yo se yon pwofesyonèl ki la pou retrase kontak NYC Test & Trace Corps.

Pran Swen - Pou Pwoteje Pwòch Ou Yo

Si yo te dyagnostike ou ak COVID-19 lan oswa an kontak ak yon moun ki te teste pozitif, NYC Test & Trace Corps ka ede ou izole san danje nan yon otèl oswa lakay ou.

Otèl pou Pran Swen yo gratis, san danje, konfòtab epi pratik. Nou founi transpò, repa, entènèt, kab televizyon, soutyen sante mantal ak byennèt epi apèl ilimite pou rete konekte ak pwòch ou yo.

Pou plis enfòmasyon, rele nan
212-COVID19 (212-268-4319)
oswa al gade nan testandtrace.nyc

**NYC
HEALTH+
HOSPITALS**

JL
Test & Trace
Corps


Kisa Ou Ka Fè pou W Konbat COVID-19

TÈS




Konnen kondisyon w. Pran tès COVID-19 la san ou pa bezwen peye anyen.

RETRASE



Reponn apèl Pwofesyonèl ki la pou retrase kontak yo pou ede w kanpe pwopagasyon COVID-19 nan kominate w la.

PRAN SWEN



Izole w an sekirite pou w pwoteje lòt yo ak pran swen w nan yon otèl oswa nan kay.

NYC Test & Trace Corps angaje l pou l pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon pèsonèl ak sante w. Tout enfòmasyon nou resevwa yo konfidansyèl epi pwoteje dapre Kòd Sante Vil New York la. Test & Trace Corps la pa pral poze okenn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon pèsòn.

**NYC
HEALTH+
HOSPITALS**

JL
**Test & Trace
Corps**